Respekte lavi ki se yon kado (2yèm pati)

Li baze sou chapit 13 liv *Ki sa Labib kapab anseye nou?* an ki disponib sou jw.org.

OBJEKTIF: Chèche konn plis sou sa w kwè yo ak rezon ki fè w kwè nan yo, egzamine sa Labib anseye epi chèche jwenn fason pou w esplike lòt moun sa w kwè yo.



POUKISA BONDYE PA VLE N SÈVI AK SAN?

1 CHÈCHE KONN PLIS SOU SA W KWÈ YO

Ki sa kèk moun gendwa di?

Ki sa *ou menm ou* kwè?

Poukisa w kwè sa?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 EGZAMINE SA LABIB ANSEYE

Pou Bondye, san se yon bagay ki sakre.

(Gade chapit 13 liv *Anseye nou* an, paragraf 10-16.)

Li Jenèz 9:3, 4; Levitik 17:13, 14.

Poukisa Bondye pa vle n manje san?

Li Travay 15:28, 29.

Èske kretyen yo dwe bwè san, manje vyann ki pa senyen oswa aksepte transfizyon san?



Si doktè w ta mande w evite bwason ki gen alkòl, èske w t ap fè yo antre l nan venn ou?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Lwa Moyiz la montre yon sèl bon fason yo ka sèvi ak san.

(Gade chapit 13 liv *Anseye nou* an, paragraf 17-19.)

Li Levitik 17:11.

Ki byenfè pèp Bondye a te konn jwenn nan tan lontan lè yo te konn sèvi ak san nan sakrifis?

Li Jan 3:16; Ebre 9:11, 12.

Ki sa Jezi te akonpli lè l te bay san l ki reprezante lavi l?

Ki jan w santi w lefètke w konnen Jezi te bay lavi l pou ou?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ESPLIKE LÒT MOUN SA W KWÈ YO

SI YON MOUN DI W…

Pwennvi Bib la sou kesyon san an pase mòd.

OU GENDWA REPONN…

Se vre sa Bib la di sou kesyon san an te ekri sa gen anpil ane. Men, mwen kwè l konsène kretyen yo toujou paske...

_____

_____

Ki vèse w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ka sèvi ak vèse sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

_____

SI YON MOUN DI W…

Ki sa w ap fè si yon doktè di w ap mouri si w pa pran san?

OU GENDWA REPONN…

Si sitiyasyon an grav anpil, èske yon moun ka ban m garanti mwen *pap* mouri si m pran san? Men, gen yon moun ki ka ban m garanti l ap fè m retounen viv ankò...

_____

_____

Ki vèse w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ka sèvi ak vèse sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania